*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№37 (60557) * 2020 с. * 12 октябрь * 25 сафар * 1442 с. * итни *

*райадминистрациялда*

## ГIУЦIИЯЛЪУЛ СЕССИЯЛДА



**8 октябралда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул депутатазул Собраниялъул анкъабилеб ахIиялъул гIуцIиялъулаб сессия. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Р. Малачиловас, районалъул прокурор Р. МухIамадовас, росабазул администрациябазул бутIруз. Гьениб гьоркьоб лъун хал гьабуна:**

1. II – I3 сентябралда районалда тIоритIарал рищиязул хIасилазул хIакъалъулъ, росабалъан районалъул депутатазул Собраниялде делегироват гьарурал депутатазул сияхI тасдикъ гьабизе ккеялъул хIакъалъулъ. Баян кьуна районалъул территриалияб рищиязул комиссиялъул председатель XI. Щейховас.

2. Районалъул 2020 соналъул бюджеталда хиса – басиял ва тIадежураял гьариялъул хIакъалъулъ. КIалъазе вахъана районалъул финанасазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Р. ГIусманов.

3. Районалъул депутатазул Собраниялъул структура тасдикъ гьаби. Баян кьуна районалъул Собраниялъул председатель М- Б. ТIагьировас.

4. Районалъул Собраниялъул профессионалияб къагIидаялда полномочиял тIуразаризе депутат вищиялъул хIакъалъулъ. Рагьараб гьарикьие лъун гьениве киналго разилъун вищана ЩагIбанов М- XI.

5. Районалъул депутатазул Собраниялъул председатель вищи. Рагьараб къагIидаялъ рищиялги гьарун районалъул депутатазул Собраниялъул председательлъун вищана ГIумаров МухIамад Багьавудинович.

6. Районалъул депутатазул Собраниялъул председателасул заместитель вищи. Рагьараб къагIидаялъ рищиялги гьарун районалъул депутатазул Собраниялъул председателасул заместительлъун М-Б. ТIагьиров вищана.

7. БатIи – батIияб

Киналго хал гьабизе росун рукIарал суалаздасан дандрекъон кколел хIукмаби къабул гьаруна.

**Суратазда:**
ГIуцIиялъул сессиялда
ГIуцIиялъул сессиялда



*Баркула*



2020 соналъул 5 октябрялда - Учителасул къо кIодо гьабун тIобитIараб данделъиялде рачIун рукIана Дагъистан Республикаялъул районаздаса лъай кьеялъул бутIаялда хIалтIулел учителал.

Дагъистан Республикаялъул бетIер Владимир Васильев гьенив дандчIвана «ЛъагIалил учитель» конкурсалъул призералгун, « Земский учитель» проекталъул гIахьалчигун, лъай кьеялъул хIалтIул ветераналгун.

Гьеб данделъиялда кIалъазе рахъарал Дагъистаналъул бетIер В. Васильевас ва цогидазги лъикIаб къимат кьуна республикаялда лъималазе, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъе кьолеб кIваралъе, лъай кьолел учреждениял, ясли-ахал киналго шартIал ругел рукIиналъе хIукуматалъ кьолеб кIваралъе.

Данделъиялъул ахиралда рохалилаб ахIвал-хIалалда лъай кьеялъул хIалтIулъ хасаб бутIа лъурал педагогазе кьуна шапакъатал- дипломал, грамотаби.

Хьаргаби росдал №I гьоркьохъеб школалъул завуч МучIиева Мадина МухIамадовнаялъе кьуна ДРялъул «МустахIикъай гIолилазул наставник» цIар.

Баркула Мадинат МухIамадовна !

**Сураталда :**
- М. МучIиева.

*пикру*

## ЛЪИКI БУКIИНААН ...

**Хирияв райоцоял!
Нилъер район тарихалъул рахъалъ бечедаб букIин нилъеда киназдаго лъала. Районалда рахъана машгьурал гIалимзаби: Кьудукьа Мусалав, ГIаймакиса Абубакар, КIикIуниса Шейхдада ва Шарабудин, Хъвартихъуниса ГIабдурахIимдибир, АхIмад -дибир, XIоцоса Нажмудин, Хьаргабиса КIудияв ва ГьитIинав ТIалхIат.**

Район кидаго чIухIараб букIана бажари бугел нухмалъулездаса, спортсменаздаса, гIелмуялъул рахъалъ машгьурал гIадамаздаса. Руго махщел бугел, гьунар тIокIал спортсменал, искусствоялъул хIаракатчагIи. Хасго, чIахIиязул адаб бугел, закон цIунулел, яхI – намус бугел гIолилалги. ЧIухIарал руго нилъ бахIарзаздасаги, цIар – цIар ккун абичIониги гьел киназдаго лъала. Аби буго: «Аралде туманкI кьвагьани, бачIунелъ нилъеда гIараде речIчIулилан», бокьилаан гIун бачIунеб гIелалъе нилъерго умумузул ретIа – къай, хьвада – чIвади, гIамал – хасияталдехун кIвар цIикIкIун кьунани. Щайгурелъул, дол рукIана кутакалда яхI – намус бацIадал, ккараб бакIалда бажари бугел, къадру цIикIкIарал ва иман –яхI чорхолъ бессараб агьлу. Дир пикруялда лъикI букIинаан школазда, ясли – ахазда гьоркьо – гьоркьобгIаги нилъерго гIадаталде данде кколеб, гIадамазе мисалияблъун рукIунел дарсал, ай абуни бичIчIикьеялде кIвар цIикIкIине гьабуни. Социалиябгун динияб рахъалъ цолъун, пайдаяб, вацлъиялъулаб ва ракълилаблъун букIине хIаракат бахъизе.

Нилъеца, культураялъул хIалтIухъабазги кIвар буссинабула гьелде ва хIадуралги руго нижедаса бажарараб хIалалда квербакъи гьабизе.

Иншааллагь.

**М. МУХIАМАДГIАЛИЕВ**
**Хьаргаби росу**

*5 октябрь – мугӀалимасул къо*

# «КЪАДРУЯЛЪЕ МУСТАХӀИКЪАБ МАХЩЕЛ»

**ТӀадегӀанаб цӀаралъул**
**ХӀикматаб гӀамалалъул**
**ГӀажаибаб гӀумрудул**
**Инсан вуго мугӀалим.**






МугӀалим – гӀажаибаб рагӀи, жинда жаниб чанго махщел бахчараб: гьев ккола гӀуцӀарухъанги, гьев ккола тарбиячиги, гьев ккола лъималазе кьолеб лъаялъул бетӀерги. Жакъасеб къоялъ бищунго захӀматаб хӀалтӀи бугин абизе бегьула учителасул. Гьес жаваб кьезе ккола щибаб лъимадул, кьезе ккола щвалде щвараб лъай, цадахъго лъимал куцазе ккола тарбия кьун, ккезаризе ккола битӀараб нухде.

Жиндие щолеб мухьалъухъ балагьичӀого мугӀалимас хӀаракат бахъула жинда тӀадаб борч тӀубазе.

5 октябрь ккола «МугӀалимасул къо». Гьеб къо кӀодо гьабун Хьаргаби №I гьоркьохъеб школалда тӀобитӀана «Самуправление» тадбир.

10 – 11 классазул цӀалдохъабаз хӀалбихьана мугӀалимасул махщалил. Гьеб къимат гьечӀеб захӀмат цӀакъго жавабияб букӀин бичӀчӀана гьезда.

Лъималаз баркана байрам жидерго мугӀалимзабазда, къуна гьезие ракӀ – ракӀалъулаб баркала.

Суратазда: Тадбиралда

*Нилъер умумузул тарихалдасан*

# ЩАЙ ДАГЪИСТАНИЯЛ ГОЧУЛЕЛ РУКӀАРАЛ ТУРЦИЯЛДЕ

**XIX гӀасруялъул кӀиабилеб бащалъиялда Дагъистаналдаса Османазул империалде Турциялде Дагъисталъул гӀадамал гочи цӀикӀкӀана. Жакъаселги, чанго соназ цере рукӀарал тарихчагӀазги, гьеб суалазе жаваб балагьизе, цӀех-рехал гьаруна. ТарихчагӀаз жидерго хӀалтӀабазулъ хъвалеб буго, гьелъие аслияб гӀила кканин дол соназда гӀурус пачаяс мугӀрузда ругел гӀадамазда гьоркьоб билъинабизе хӀал бихьараб политика.**

ГӀурус пачаяс Дагъистаналда киса-кирего ралел рукӀана хъалаби, рагъуе щулалъи ругел крепостал, туснахъал, гьеб киналъего нухмалъулеб букӀана рагъулабгун - административияб управлениялъ. ХӀал гьабун хисизабулеб букӀана мугӀрузда гӀумру-яшав гьабулезул гӀадатияб гӀумру, гьадинги лъикӀаб букӀинчӀеб гьезул экономикияб рахъ, лъугьунеб букӀана хӀехьеялдаса араб хӀал.

Дагъистаналда бугеб лъикӀаб гуреб хӀал бихьун Османазул империялъул эмиссараз харбал рицун, кӀалъаял гьарун гьел ахӀулел рукӀана цӀияб эркенаб гӀумру гьабизе Турциялде рачӀаян.




Турциялде гочизе лъикӀаб бугин абулезда гьоркьор рукӀана Дагъистаналдаго цӀар рагӀарал дин-исламалъул гӀалималги, гьезда гьоркьор накъшубандияб тарикъаталъул шейхал Сайид – АхӀмад Хусамеддин ал-Рукани, ГӀумар-ХӀажи Зиявудин Дагъистани, КӀикӀуниса МухӀамад Мадания, Нежде-Хажи, ГӀазиз-ХӀажи, Магьди-МухӀамад, Сугъури, Шарабудин устар КӀикӀунисаги.

Дол рикӀкӀада соназда киналго гӀадамал рукӀинчӀо, гьеб ВатӀаналдаса тӀун къватӀире ине ккеялъул рахъ ккурал. Умумузул ракьги, гьел рукъун ругел хобалги, гӀагарал, гӀунтӀаралги тун, чияр ракьалде ин гьезие къабуллъараб букӀинчӀо. Гьезда гьоркьов вукӀана Дагъистаналъул чуязда рекӀаразул аскаралъул офицер ЧӀикӀаса ТӀалхӀатил вас Алхас (Догъуев).

1868 соналъ гьес хъвараб гьитӀинабго тӀехь (обращениялда), магӀарул мацӀалда хъвараб букӀана гӀагараб ракьги, гӀагарал чиги тун чияр ракьалде ин лъикӀ гьечӀилан. Гьеб тӀехьалда цӀарги букӀана «Дир диналъул вацазде насихӀат», - абун.

Дол соназда кинаб ахӀвалхӀал букӀараб магӀарул росабалъ, гӀагараб ракьги, росуги, яцвацалги, гӀагарлъиги тун унел мехалъ, тӀокӀалъ рихьилел, рихьиларел лъаларелгун ратӀалъулел мехалъ. Гьелъул хӀакъалъул материалал балагьулаго батана XIX гӀасруялъул кӀиабилеб бащалъиялда, Ставрополалъул гимназиялъул выпускник XI-М. Амировас хъвараб материал. Гьес гьеб хъвалеб буго чанго нусго соналъ цебе ккараб, жакъа - сон букӀараб гӀадин. Гьес хъвалеб буго дир мадугьал вукӀана БахӀанд - ГӀали, - абун чи. Гьев мискинчи вукӀинчӀо, рукӀана гьесул кӀиго гӀолохъанчи васал, хъизан. Кверда махщел букӀана гьесул, гьес гьарулаан чода лъолел къили - инкал ва цогидабги. Дун росулъе щвейдал, гьев вачӀана дихъе ва гьикъана гӀурус пачаяс гӀолилал рагъулаб налъи тӀубазе рачине ругилан рагӀанин уяб бугебищ абун. Гьесул ракӀ гӀодобе биччазе гьабизе, дица абуна жеги гьединаб амру гьечӀилан. Гьес дие къокъаб жаваб кьуна жакъа гьечӀониги, метер щаклъи гьечӀо букӀина. ГӀемер къоял иналде рагӀана васазул къисмат хӀинкъараб букӀине бегьулин хӀисабги гьабун гьесул хъизам - лъимал Турциялде ине къачӀан ругилан. Гьел сапаралъ ине къо щведал, росдал гӀадамаз магӀил рукъ рагьун букӀана. Гьел тӀоритӀизе рахъана тӀолабго росу. Росдал гӀадамаз гьел тӀоритӀана росу тун гӀемер манзилалъ цадахъги рилъун. Гьезда гьоркьор цохӀо БахӀанд - ГӀали вукӀана хӀал лъазе теларин лъугьарав. Гьес ахирги къо-мех гьабулаго абуна, нужеца дида гӀайиб гьабуге, рухӀгӀан рокьулел нужедаса ватӀалъи, дица нужехъе кагътал хъвазе гьечӀо, нужецаги хъваге дихъе, - ян. Гьел рагӀабазда хадуб гӀодулел руччабазул гьаркьал цӀикӀкӀана.

XIX гӀасруялъул байбихьуда КӀикӀуниса Шарабудин устарас хъван буго Дагъистаниязухъе кочӀол рагӀабаздалъун гьитӀинабго насихӀат

**БитӀараб нух малъизе**
**ТӀарикъаталъул устар**
**ТӀаде ине толареб**
**РачӀа тезе Дагъистан.**

**ХӀадур гьабуна**
**М. ГӀАБДУЛКАРИМОВАС.**

*сахлъи – инсанасул бечелъи*



# ГРИПП

**Грипп – это острое инфекционное респираторное заболевание вирусной природы. Вирус гриппа очень контагиозен (заразен).**

Симптомы гриппа очень быстрое в течении 3-4 часов нарастание симптомов интоксикации: подъем температуры до 390 С и выше, что сопровождается сильным ознобом, слабостью, ломотой, в мышцах, суставах, сильной головной болью, а также резью глазах, слезотечением, светобоязнью. Параллельно с интоксикацией появляются респираторные симптомы: боль в горле, сухой, часто изматывающий кашель, обильный насморк иногда отмечаются боли в животе и жидкий стул. Высокая температура, при гриппе может сохранятся до нескольких дней, достаточно часто она плохо поддается воздействию жаропонижающих препаратов. При отсутствии осложнений заболевание длится 7-10 дней. В течение этого времени его симптомы постепенно уходят, хотя общая слабость может сохранится еще до двух недель.

Грипп, как и другие острые респираторные вирусные инфекции, протекать в легкой, среднетяжелой, тяжелой и очень тяжелой формах.

Причиной заболевания являются вирусы гриппа, которые поражают слизистую оболочку верхних дыхательных путей. Источником заражения является больной человек. Основной путь передачи – воздушно капельный: при кашле, чихании, разговоре и даже при обычном дыхании но возможна передача вирусов от больного и контактно – бытовом способом через его носовые платки, посуду, постельное белье.

В случае резкого подъема температуры нужно как можно быстро обратиться за врачебной помощью. Наблюдение врача при гриппе очень важно, т. к. оно позволит своевременно выявить начало возможных бактериальных осложнений. Возможны осложнения это развитие бронхита, пневмонии, отита, гайморита или другого синусита. Тяжелым бактериальным осложнениям является менингит – инфекционное поражение оболочек мозга.

## Профилактика гриппа

Самый эффективный способ профилактики гриппа это поддержание собственного иммунитета в тонусе круглый год. Существуют разные способы управления иммунитета, к ним относятся: закаливание, активный образ жизни, правильное и сбалансирование питания и др.

Основным медицинским методом профилактики является вакцинация. Ее начинают проводить 2 -3 месяца до основного сезона заболеваемости (обычного сезона заболеваемости (обычно в октябрь – ноябрь) вакциной против определенного штамма вируса. Вакцинация наиболее эффективна если она носит массовый характер. В этом случае она позволяет защищать больные социальные группы населения. Так же в период эпидемии рекомендуется профилактически принимать противовырусные препараты. Очень важно соблюдение противоэпидемических правил, своевременная изоляция больных от здоровых, ношение масок в общественных местах.

## Вакцина «Гриппол плюс»

5. 09. 16 г РБУ РД «Гергебильская ЦРБ» получила 1916 доз вакцины Гриппол – плюс. Вакцина предусмотрена для детей от 6 месяцев, беременных женщин во 2- м и 3 – м триместрах беременности и взрослых.

С 6. 09. 16 г начата иммунизация всех подлежающих контингентов против гриппа на эпидсезон 2016 г.Вакцина вызывает формирование высокого уровня специфического иммунитета против гриппа. Защитный эффект после вакцинации наступает через 8 – 12 дней и сохраняется до 12 месяцев.

Включение в вакцинный препарат имуномодулятора полиоксидоный, обладающего широким спектром имунноформокологического действия, обеспечивает увеличение имунногенности и стабильности антигенов, позволяет повысить иммунологическую память, существенно снизить прививочную дозу антигенов, повысить устойчивость организма к другим инфекциям за счет коррекции иммунного статуса.

## Противопоказания:

- аллергические реакции на куриный белок и компоненты вакцины;
- аллергические реакции на ранее вводимые гриппозные вакцины;
- острое лихорадочное состояние или обострение хронического заболевания
- нетяжелые ОРВИ, ОКИ

**ЗАГИРОВА Р.**
**Врач – эпидемиолог ГБУ РД «Гергебильская ЦРБ»**

# МОШЕННИКИ НЕ ДРЕМЛЮТ

**Звонки с поддельного номера 900 якобы от Сбербанка - одно из самых распространенных телефонных мошенничеств. Как это работает.? Звонки с номера 900 - это мошенники.**

Первое, что нужно знать – звонки якобы с номера 900 поступают исключительно от мошенников. Представители Сбербанка, даже старшие менеджеры и сотрудники специальных отделов, никогда не звонят клиентам с этого номера. Исключений нет никаких. Если вы видите, что вам звонит номер «900», знайте - это мошенники. Подмена номера? Как это? Дело в том, что клиентам Сбербанка на самом деле не поступают звонки непосредственно с номера 900. У мошенников банально нет к нему доступа. Злоумышленники выполняют, подмену номера и совершают звонок с номера, который похож на 900. Подмена осуществляется при помощи специальных сервисов, доступных для использования в том числе и обычным пользователям.

Проблема в том, что такие сервисы шока не признаются незаконными. Просто введите в поиске «подмена номера» и Google или «Яндекс» предложит вам десятков сайтов, которые выполняют подобные услуги.

Такие сервисы позволяют подменять обычный номера на «9О0» или «90О» . Обратили внимание? Один ноль заменен па букву «О». Именно с таких поддельных номеров мошенники и производят обзвон потенциальных, жертв. Человек может: просто не обратить внимание на то, что с номером что-то не так. На некоторых Android-смартфонах с измененным шрифтом буква «О» вовсе может отображаться совсем как ноль. Другими словами, жертвы находятся всегда, в ином случае прозвон клиентов с поддельных номеров не был бы таким массовым.




Так что, если вам поступает звонок якобы с номера 900, моментально сбрасывайте его, сами звоните в Сбербанк и жалуйтесь на злоумышленников. Это единственный способ, которым обычные пользователи могут повлиять на уменьшение кибермошенников.

**ОМВД России по Гергебильскому району**

## ГРАФИК
## отчетов службы ОУУП ОМВД РФ по Гергебильскому району перед населением Гергебильского района за 2020 г.

| № | Ф. И. О. | Населенный пункт | Дни проведения | Время проведения |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Магомедов А. З.<br>Идрисов Ш. М. | с. Гергебиль | 16.10.2020 г. | 14.00 |
| 2. | Сулейманов М. А. | с. Кикуни | 07.10. 2020 г. | 13.30 |
| 3. | Расулов З. М. | с. Курми | 22. 10. 2020 г. | 14.50 |
| 4. | Сулейманов А. А. | с. Маали | 08. 10. 2020 г. | 13.20 |
| 5. | Мусагаджиев М. М. | с. Чалда | 14. 10. 2020 г. | 11.00 |
| 6. | Латипов М. А. | с. Аймаки | 26. 10. 2020 г. | 14.00 |
| 7. | Омаров М. | с. Д/Мурада | 19. 10. 2020 г. | 13.40 |
| 8. | Ахмедов Р. А. | с. Хвартикуни | 23. 10. 2020 г. | 14.30 |
| 9. | Магомедов М. А. | с. Кудутль | 12. 10. 2020 г. | 13.40 |
| 10. | Мусагаджиев М. М. | с. Могох | 15. 10. 2020 г. | 14.00 |

**Врио начальника ОУУП и ПДН МВД России по Гергебильскому району майор милиции**
**МУСАГАДЖИЕВ М. М.**

*Даруял хурдул*

# ГъарцIи



**ГъарцIи ккола гIемерал унтабазе дару. Гьелъул тIанхал ва пихъ гIемер хIалтIизабула халкъияб медицинаялда.**

Китаялъул тохтурзабазги хIалтIизабула гъарцIи чехь-бакьал, тIом унтарал ва квачалъул унти ккарал чагIи сах гьаризе. Гьелъул цIекIаб тIагIам кьолел кислотабазулъ рукIуна гIадамасул къаркъалаялъе кIвар бугел витаминал. ГъарцIиялда гъорлъ руго бидурихьал рацIцIад гьарулел, рекIел унтиялдаса цIунулел пайдаял жал. Гьелда гъорлъ ругел даруял жалазул цояб (серотонин) нилъер гьанир рижулел нигIматазда гьоркьоб гъарцIиялдаги сонояалдаги гъорлъ гурони букIунаро. Аби буго серотониналъ радиациягицин сах гьабулин. Дагьабги лъикIаб букIуна, жеги унтичIев чияс, гIумру халалъизелъун, кьаркъала къартIалда чIезабизелъун, гъарцIи кванилъ хIалтIизабуни. БухIараб бакIалъе, кванирукъалъе, бакьазе лъикIаб дарулъун рикIкIуна гъарцIиялъул нах.

*Умумулъа харбал*

## ГIандаласул хабар

ГIандал руго рагIи гIакъилал гIадамал. ГIандисев вачIун вукIана ЧIухе росулъе гIала бичизе. Кутакалда гьеб гIала беццулеб букIун буго гIандисес.

Цояс абуна:

– ЦIакъ кIудияб гьунар бихьула дур бичулеб жо беццизе, – абун.

ГIандисес абун буго:

– Унго-унгоги дун беццизе виччани, тумеалде гIанкIу бичула, – абун. Ахирги бичана гIандисес гIала. ГIалаги бичун, аскIовго вукIарав цоги даранчи ахIтIолев вукIана кIиго гIака бичулеб буго, бокьараб кьела, кIиялъулго цо багьа буго, - абун.

Цояб гIака гIемераб рахьги кьолеб, гьвариги кIудияб, цояб – лъикIаб тайпаялъул, гьитIинаб гьвариги, рахьги дагьаб кьолеб – ахIулеб букIана гьес. Амма ГIандисесда бихьулеб букIана гIачиязул бетIергьанасе бокьун букIин рахь дагьаб бичизе. БетIергьанас гIемер беццулеб, тайпа лъикIаб, санайил бачал лъикIал гьарулеб хабарги къотIизабун гIандисес абула:

– Тайпа лъикIаб дуего те, жибго лъикIаб дие кье, – абун.

Эс гъвари кIудияб, рахь цIикIун кьолеб гIака босула. Гьеб рагIи кицилъун ккана: Тайпа лъикIаб - дуе, жибго лъикIаб – дие, – абураб.

## ЖугьутIасул гIурцIмил хабар

ЖугьутIасул бетIербахъи магIишат гьабулеб букIун буго гIурцIмидасан. Гьеб хIалтIун, хъизан-лъимал хьихьулеб букIун буго гьес. Цо заманалъ гьасда ракIалде ккун буго, щибаб жо ругьун гьабухъе букIулин абун, гьаб гIурцIен кваназабичIого хIалтIизе ругьун гьабуни лъикI ккелилан, элъие хвезабулеб харжги хъизан – рукъалъе хвезабуни лъикI ккелин абун. ЦIан буго 10 къо, щибго квенги кьечIого хIалтIизабун букIун буго гьеб. Гьелдаса хадуб балагьила абун. Гьабун буго хIалтIизе, квен кьечIого 9 къоялъ. Метер къо хутIун буго, жугьутIавги къасе бокьове щвейдал хун батун буго гIурцIен. ГIодун вуго жугьутIав. Гьалдасан бачIараб кици буго: «ЖугьутIас гIурцIен гIадин ругьун гьавизе къасдищ ккараб», – абураб. Гьеб жугьутIасул харбилъ буго 3 гIакълу:

I. Чидар захIмат кваналев рахIму гьечIев вукIунев.

2. Харж бахъичIого, хайир букIунаро.

3. Дагьалда барахщани, гIемераб кодоса уна абураб...

## Чамастакил гьветI

Цо херав чи вукIун вуго чамастакил гъутIби ричизе вачIун. Энив тIаде щварас гьикъун буго: – Чан сон буго кIудияв дур? – абун. Жаваб кьун буго: – 80 сон.

– Гьаб бурчIуналдаса гьветI бижун чамастак кваназе кигIан мех балеб? – 4 сон бала.

– Гьеб щинаб мех базе жеги хьулищ бугеб дур?

– ГьечIо, дир умумуз баралъул дицаги квана, дица баралъул нахъе гIуразги квинеб батила, - ян велъулаго жаваб кьола кIудияс.

Гьелдаса бичIчIула, жиндирго напсалъе гьечIого, халкъалъе гIоло гьабизе кколеблъи.

# Дагьабго гьими

- Щиб цIакъ цин бахъун вуго гурищ, лъица мун гьедигIанго «вахиначурав», МухIамадсултан?, - иланги абун, саламги кьун аскIов гIодов чIана, сапаралдаса вуссарав ХIажи.

Гьесда лъалеб букIинчIо, цебесеб къоялъ бокьалда цIаги рекIун, МухIамадсултанил къайисверилалда букIанщинаб боцIи - панз бухIун хвараблъи.

- Валагь вац ХIажи, гьай дирго кIал цIорояй хъизамалда, цIин бахъун вуго.

- Гьелъ, дуе гьабураб гIаги щиб?

- Щибха вац гьабилеб, гьей гIабдалалъ, рукъалде бачIунебщинаб балагь, бокьалде сверагиян дугIа гьабун букIун буго. Гьанже бокьги бухIана, бокьоб букIараб боцIиги хвана.

* * *

ГьитIинай Аминатида бихьула эбелалъул ботIрода чанго хъахIаб рас. - Эбел, гьаб щиб ккараб дур расалъе? - ХъахIал расал руго, – ян абуна эбелалъ. – Щай гьел раккарал? - Щайгурелъул мун дихъ гIенеккуларелъул, - ан жаваб гьабуна эбелалъ. Ясалъ абуна: - Гьанже бичIчIана кIодоэбелалъул бетIер щай тIубан хъахIлъун бугебали, - ян.

* * *

- МухIамад, щай дуца жакъа анкьго нухалъ цаби рацIцIунел? - Щайгурелъул, эбел, тIубараб анкьалъ дуца тIокIав цаби чуризе тIамичIого вукIине.

* * *

Учителас гьикъанила АхIмадида :

- Щай дурги мадугьаласулги рельлъарал гьалатIал ругел диктанталъулъ?

- Щайгурелъул дирги гьесулги цого учительница йиго.



Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26

Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.

Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ № ________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахьула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо». Ж. Сервантес***

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 8 октября 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00